

# Trauma Healing And Reconciliation Services

Ikigo Cishinze Kuvura Abahamutse no Kunywanisha Abantu



24 58 24

B. P 6311  
Bujumbura

*Ikinyamakuru  
Kimenyeshya  
Ibikorwa vya THARS.*

Inomero ya 4

## Ivyavuye mu Nama Igira Gatatu y'Igihugu y'Abantu Bafasha mu Kuvura Ihahamuka.

### Ibirimwo

- ☞ Kurekuriranira kuzana amahoro arama
- ☞ Narabonye abagowe kunsumvya
- ☞ Umwana iyo afise inyifato idasanzwe umurezi yovyifatamwo gute ?
- ☞ Sincikengera ubu ndi umuntu nk'abandi.

**K**uva kw'igene- kerezo rya 3 gushika ku rya 4 Ndamukiza 2005, harabaye inama y'igihugu y'abafasha abantu gukira ihahamuka, ikaba yari ironzowe n'ikigo THARS. Ico kigo gifasha gukira ihahamuka no kunywanisha abantu cabicishije mu mu mugambi witwa

V.O.T ufasha abaseserekerejwe ubuzima.

Ikinyamakuru "Ntwihabura" carabajije Niyonzima David arongoye ikigo THARS intumbero y'iyi nama na we avuga ko kwari uguhuza abakora ivyo bikorwa vyo gufasha abantu gukira ihahamuka. Yavuze ko yabatumiye ngo baje hamwe, bahanahane ivyiyumviro, barabe aho bagejeje ikivi, bongere barabe muri kazoza ingene

bazokora kugira habe akarusho mu kuvura ihahamuka.

imihari itandukanye ifasha mu bijanye n'agateka ka zina muntu, abakora mu bijanye n'impunzi, abaraba ivy'abana, abafatwa ku nguvu, abaraba ivya SIDA n'abandi benshi banonosoye amashure yerekeye ivyo imero.

Muri iyi nama, havuzwe vyinshi bijanye

n'imico kama, agateka ka zina muntu, ukubabarana, ugufashanya n'ukwumvirizanya. Igihe rero hari



*Umuntu yahamutse*

Bari bavuye mu mashirahamwe atandukanye, Amashirahamwe ya hano mu gihugu cacu, amashirahamwe mpuzamakungu,

## Kurekurirana Kuzana Amahoro Arama

**H**araheze imyaka myinshi Uburundi bwama mu ndyane z'urutavanako. Abantu n'ibintu bikaba vyarahatikiriye. Abantu batari bake bavuga ko kubera Abarundi basubiranyemwo, bakicana, ko bari bakwiye kurekurirana. None abantu bamwe bamwe ba rurangiranwa babivuga ko iki? Ivyo tugira tubashirize twabikuye mu gitabo *"Ukubanguranya"* canditswe na David Niyonzima afatanije na Lon Fendall.

Musenyeri Desmond Tutu wo muri Afrika y'Epfo yavuze ati: "Ukurekurira abandi gusobanura ukudasubiriza mu nkoko uwakugiriye nabi; ni agahombo kabohora uwagiriwe nabi... Mbega bisaba ko uwugiriwe nabi abanza kwumva ukwicuza n'ukwatura kw'uwagize nabi kugira ngw'ashobore kumurekurira? Ego, si ivyo imbeshere ukwo

kwicuza n'ukwatura kurafasha uwushaka kurekurira, ariko si ngombwa ngo kube



*Guhana imbabazi ni vyiza*

ariko kubuza kurekurira. Yesu ntiyarindiriye ko abariko baramubamba babanza kumusaba ngo abarekurire. N'igihe bariko baramuteramwo imisumani, yari yiteguye kubasabira kwa Se yongera arabavugira icatumye bagira ivyo. Asangwa uwagiriwe nabi yorindira ko uwamugiriye nabi yicuza ngo abone kumurekurira, uwagiriwe nabi yoba ariko araboherwa amaboko imugongo n'umubisha ubugira kabiri ibigirankana.

Ivyo nta wovyemera".

Uwitwa Lewis Smedes na we avuga ati: "Ukwihora ni ukugira umutima wo kugera ingere ku yindi. Ni ugushuha amaraso ushaka kubabaza uwundi nk'uko nawe yakubabaje. Ingorane rero

y'ukwihora ni uko kutigera gushikira ico gushaka. Ntaho ukwihora guturura ngo umuntu arishuye ikibi uwundi yamugiriye. Uwihora yumva yobibandanya. Iyo ukwihora gutanguye, ibikorwa vyakwo bimera nk'urufatangane rutigera rucika.

Ukwihora kubohera hamwe uwakomeretse n'uwakomerekeje, bose bakaguma mu mubabaro ntangere. Baguma bameze nk'abugaraniwe mu muduga wanse guhagarara bakabura

ingene bawuvamwo".

Uwundi muntu yitwa Georges Hebert avuga ko ukurekurirana kuzana amahoro arama. Ati: "Umuntu adashobora kurekurira uwundi aba asenyuye ikiraro na we ahava acako".

Mark Twain na we avuga ati: "Ukurekurira uwundi ni akamoto ishurwe rimotera ikirenge kimaze kurifyonyora".

C.S. Lewis wewe avuga ati: "Kuba uwa Kristo bisobanurwa ukurekurira uwudakwiye kurekurirwa kuko Imana yarekuriye ibitari bikwiye kurekurirwa biri muri wewe".


Paul Tillich ni we yavuze ati: "Ariko ukurekurira abandi kuvuye ku mutima ni igikorwa umuntu akora, agashira hamwe n'uwundi akarengera ubushobozi butuma abantu badahuza. Kubera ko ivyo ari

## Ivyavuye mu Nama Igira Gatatu y'Igihugu y'Abantu Bafasha mu Kuvura Ihahamuka.

intambara, ivyo vyose ntibisubira kubaho. Iyo ivyo bitariho abantu barahamuka ntihabeho ugukira nyakwo.

Iyo nama y'igihugu ifasha abantu gukira ihahamuka ikaba yagira gatatu. Ikigo ca THARS kiramaze gutanga intererano iboneka, kikaba kimaze imyaka ine gikora. Ibitari bike biramaze guhinduka. Abantu batari bake baramaze kugarura agatima ko gukundana, gufashanya no kubabarana, bakavuga yuko ibintu vyo gukoresha inguvu mu gutatura amatati babirengeye, bakiyamiriza intambara. Abantu baramaze gutahura yuko imero canke indwara zifatye mu buryo umuntu yiyumva bishobora kwonona ivy'ubuzima bwo ku musu ku musu, bakavuga bati Kugira ngo umuntu abeho neza, amererwe neza biba ngombwa ko yiyumva amerewe neza umubiri wose no mu mutwe naho. Niyonzima David, umuyobozi w'ico kigo, yavuze ati: "Igihe twatangura ivyo

bikorwa, abanyagihugu ntibabitahura, batubwira ngo Mutuvura gute ko mutaduha imiti ntimuduhe ibinini nk'uko babigira kwa muganga? Twababwiye ko kuvura mu gutanga



Umuyobozi wa THARS

umuti canke ibinini ari uburyo bumwe kandi bwiza mugabo, ko atari bwo bwonyene! Hariho n'ubundi buryo bwo kuvura bufatira ku vyerekeye ingene umuntu akoresha ururimi, akumviriza umuntu, amubabaye akamwumviririza ahantu yumva afise umutekano, aho yumva atekaniwe. Kurya ururimi rwica ni ko rukiza. Niyonzima ati: "Twebwe twahisemwo gukoresha ubuhinga bwo kuvura imero y'abantu cane-cane tukizizira gukiza ihahamuka tukanywanisha abantu

dukoresheje kwumviriza, urukundo no kubabara abantu. Hakaba hari ibigo dukoreramwo i Gitega, i Muramvya, i Ngozi, mu Ruyigi, i Makamba n'i Bujumbura. Abaja muri ivyo bigo, barafashwa bikwiye mu buryo bw'imero

maze bibaye ngombwa ko nk'abantu barashwe, abagendana ivyuma muri bo baja kwa muganga turabarangira ababajana kwa muganga bakabavura. N'abakeneye gushikira ubutungane ngo babwiture ku vyo bagiriwe ko nabi bijanye no gufatwa ku nguvu canke guseserezwa ubuzima turabarangira ababiboroherezamwo". Tugarutse kuri ya Nama yahuza abafasha abantu gukira ihahamuka, umuyobozi wa THARS yavuze ko

baravye inama zibiri zari zimaze kuba hari ikintu gishasha cabaye muri yo nama. Ati Inama za mbere zarimwo abantu bakeya, kuko atari benshi babitahura neza. At' Ariko ubu amashirahamwe menshi yaritavye iyo nama.

Ikindi gishasha mu nama zibiri za mbere abaje muri zo bari bameze nk' abanyeshule baje mw'ishule kwiga, ariko abaje muri iyi nama igira gatatu, barahanahana ivyiyumviro nk'abantu vy'ukuri babibonye mu ngiro. Babivuga nk' abavyiboneye mu kazi kabo ka misi yose, bakavuga ivyo basanze ku kivi, ivyo babonye mu bo bafashije canke' ivyabashikiye bo ubwabo. Ivyo vyatumye rero abari muri yo nama bungurana ubwenge.


None ingingo nkuru nkuru zavuye muri yo nama zabaye izihe? Abari muri yo nama barasavye Leta ko yogira amategeko atomoye ajanye n'indwara zo mu mutwe, abantu bahahamutse

## Kurekuriranira Kuzana Amahoro Arama

ibishoboka, ni co gituma ukurekurira abandi gutuma urukundo rubaho mu bantu. Ntidushobora gukunda abandi mu gihe tutaremera kurekurira abandi; kandi mu gihe ukurekurira abandi kuvuye ku mutima ni ko n'urukundo rwacu ruca ruba rwinshi ku bantu”.

Allan Boesak yabivuze ko gurtya: “Ukwuzura n’abantu si ukumva umerewe neza gusa, ariko ni ugukora igikwiye. Hambavu y’ivyo, ukwuzura n’abantu si ikintu kiba hagati y’abagenzi n’abatari bo canke y’abatwara n’abatwarwa. Ukwuzura n’abantu kw’ukuri ntikuba hagati y’abacinyiza n’abacinyizwa, kuba hagati y’abantu,

abantu babana mu buryo busanzwe, bashobora kubabara, ariko bakaba bafise ivyizigiro abantu bategerezwa kugira



Umwumvikano ni mwiza kuruta amatati

bari muri uyu mubiri”.

Na Harold S. Kushner yabivuzeko ati: “Ukurekurira ni ukwumva umutwari w’akahise ukuvuye ku bitugu, ukumva umucafu w’ivya kera uhanaguwe.

Ukurekurirwa ni ukwumva dufise umwidgegemvyo wo gutera intambuko muri kazoza turaremerewe

n’ivyatubayeko n’ingene twari tumeze hamwe n’ivyo twakoze mu gihe caheze”.

Ukurekuriranira kuzana amahoro arama. Ku basoma ibitabo vyerenda, hariho inkuru

yanditse muri Bibiliya (2 Abami 6:8-23), ivyaha ingene abantu bo mu gihugu citwa Siriya bankana n’Abisirayeli, bakama mu ntambara z’urutavanako. Umusi umwe Abasiriya baje gutera Abisirayeli.

Abo bo muri Siriya basanze baguye mu maboko y’Abisirayeli, babakikije. Icari gisigaye kw’ari ukwicwa. Hanyuma umwami wa Isirayeli abaza Elisa uwavugishwa n’Imana, ati: Mbega ndabice? Elisa aramwishura at’Eka ntubice; ni babazanire ivyo kurya n’amazi, barye banywe, babone kwisubirira kwa shebuja. Bamaze kurya no kunywa, arabarungika, basubira kwa shebuja. Maze uhereye ubwo, ibitero vy’Abasiriya ntivyongera kuza mu gihugu c’Abisirayeli. Iyo umuntu arekuriye mugenzi we araremuruka kandi akaremurura. Ico gikorwa co kunywanisha abantu Ikigo THARS kiragikora vyiza vy’abantu!

## Narabonye Abagowe Kunsumvya.

Hari umuntu w’i Muriza yatubwiye ivyamushikiye mu mwaka w’1993. Yatubwiye ati: “Jewe nari umuntu ata co abaye mu rugo i wanje, umugenzi wanje yari umukozi wa Leta umusi umwe, abitwaje

ibirwanisho bamwica avuye ku kazi, hamwe n’abana banje batatu bari bavuye kw’ishule. Kandi abo bese narabonye aho babahamvye mu kinogo kimwe. Inzu yacu na yo hamwe n’uburaro bw’inka zaco bazidometse

umucanwa barigira. Bamaze kudusahura vyose twacye twomoka tuva muri komine y’iwacu duhungira ku murwa mukuru w’intara ya Ruyigi. Mu guhunga nahunganye n’utwana

dutatu dutu dutu n’inda mu nda, twambaye udushambara gusa. Mu guhunga twaca mw’ishamba bagatuma imbwa kuduhunahuna. Turenganye, ishamba duca tugwa mu bandi bagizi ba



Ibikurikira urupapuro rwa 6

## Ivyavuye mu Nama Igira Gatatu y'Igihugu y'Abantu Bafasha mu Kuvura Ihahamuka.

bitabweho, ntibafatwe minwe minenerwe.

Hakwiye kuboneka uburyo bwo gukora ivyo bikorwa, n'ukuvuga amafranga yo gukora ibikorwa bijanye no gufasha abahahamutse. Kurya bashinga amafranga azokora nko mu bushikiranganji bw'amagara y'abantu, bagashinga amafranga yo gufasha abarwaye indwara ziturutse ku ngaruka y'intambara igihugu cacu kimazemwo imyaka cumi n'ibiri yose.

Ikindi na co ni uko mu makomine, ku mavuriro, ku mashule, mu mabohero mu makambi y'abasirikare hoba ivyumba bigenewe vyo kwumviririzamwo abantu babikeneye, hakaba n'abakozi bigishijwe ubwo buhinga bwo kuvura ihahamuka bahakorera n'aho boba bafise ibindi bikorwa

bajejwe. Nk'akarorero, ku mashule harakwiye abo bahinga kuko birashika abana baba



Bamwe mu bari mu nama

barahuye n'ivyago bitandukanye, ugasanga bajunje ataco bashobora gukora, ntibabe bagikurikira mw'ishure. Abo na bo nyene barakeneye ababumviriza. Aho hantu ho kumviririzwa nti hoba ahantu ho gucira imanza canke aho gusambishirizwa, ariko hoba ahantu umuntu ashika akavuga ati Hari ikintu kimbakiye, numva ndendebukiwe, ndwaye, ndagowe,

ndakeneye umuntu anyumviriza.

Ikindi casabwe muri iyo nama, ni uko Leta yoshigikira inyigisho z'abantu bakora ivyo bikorwa guhera ku bashingantahe ku bucimbiri, ikagira

integuro itomoye haba mu bakozi basanzwe bakora mu bushikiranganji bw'amagara y'abantu, bakigishwa ingene bokumviriza abantu. Kurya abigira uvyo ubuvuzi bigishwa gutera urushinge, bakigishwa n'ubuhinga bwo ku mviriza abanyagihugu mu buryo bubakiza, kuko ni ubuhinga bukomeye kandi bushobora kwigishwa nk'ibindi vyirwa vy'ubuvuzi nyene. Abari muri iyo

nama barasavye ko amashirahamwe yitaho abahahamutse bohabwa imfashanyo canke ibikoresho vy'ubuhinga, ama taxe amw'amwe agakurwaho. Ikindi casabwe n'abari muri iyo nama ni uko Leta yoha ibibanza vyo kubakamwo ivyumba vyo kumviririzamwo ku babikeneye. Nk'akarorero, THARS irafise umugambi wo kwunganira vya bitaro bivurirwamwo ingwara zo mu mutwe bita kwa Le Gentil biri i Bujumbura mu Kamenge, mu kwubaka ibindi bishobora kwakira abarwayi nk'abo kandi hakaba n'aho bazoshobora gukarihiriza ubwenge canke kwigisha ubwo buhinga bwo kuvura indwara zifatiye ku mero nk'ihahamuka n'izindi zifatiye k'ukugene umuntu yiyumva. Nk'abantu bashaka gukira ivyo kumogorera ibiyayura umutwe bagashobora kuhivuriza.

## Umwana Iyo Afise Inyifato Idasanzwe Umurezi Yovyifatamwo Gute ?

Abana barashobora guhahamuka mu gihe hagize ibihungabanya ubuzima bwabo canke mu gihe babonye ivyago. Ikigo THARS kirafasha abana baba bagize ihahamuka bivuye ku mpamvu

zitandukanye. Ni co gituma ico kigo gihora giha inyigisho abigisha bo mu mashule mato mato bakavugana ingene umwigisha yofasha umwana yahahamutse. Mu ntara nyinshi, intambara

yarasinzikaje abantu benshi. Muri abo harimwo abana bato-bato. Mu gihe c'intambara abantu benshi bahora bahengera umugoroba ugeze bagahungira mu mashamba, kuko batinya

abobicira mu mazu. Aho rero abana batari bake barahacumukuriye, bagahunga n'intekera ku mutwe barondera igisaka bokwinyegezamwo, n'aho batatahura ivyo ari vyo.

## Narabonye Abagowe Kunsumvya.

nabi baca bambwira bati:  
 Duhe ako kana tukice.  
 Nca ndabishura nt'Emwe  
 ba nyakubahwa, se baraye  
 bamwicanye na bakuru  
 b'ako kana, ni mupfume  
 muba ari jewe mutangura  
 kwica aka kana mukice  
 ntabona. Na bo bati  
 Tugomba ako gahungu.  
 Havamwo umwe muri bo  
 avuga ati Reka yemwe  
 kwica uyu mugore ahetswe  
 ikibondo, abagore burya  
 ibi bintu bapfa  
 kubirwamwo ntibari muri  
 vyo. Uwundi na we avuga  
 ati: Ni muze tumureke  
 azogwa imbere. Baraheza  
 baca banjana iyo abandi  
 bugaraniwe. Mu nyuma  
 twarumvise umwe abwira  
 abandi ng' ubwo bugore  
 bwo ntibutugoye ku  
 mugoroba turaza  
 kubufyeturu! Tumaze  
 kuvyumva ni ho  
 twahengera mw'ijoro  
 tugaca dutangura  
 kwikwega kamwe kamwe  
 tukaja mu bitoke  
 kwinyegeza. Bamaze  
 kwibaza ko twoba  
 twinyegeje mu bitoke, ni ho  
 baca babiturira,  
 ubushambara buduhirako  
 ariko turindirayo kuko  
 bitasha ngo bitemuke.  
 Bukeye ni ho twumva  
 abasoda b'igihugu na bo  
 baraturikije inkoho, abo  
 bandi bari bashaka kutwica  
 baca bomokera ahandi.

Twebwe twagumye  
 dutunye muri ivyo bitoke.

Tuhamaze umusi wose,  
 mbwira abo twari kumwe  
 nt'Ari ugupfa twapfuye, ni  
 muze tugende twegere abo  
 basoda bariko  
 baraturaguritsa  
 ivyo bikoho.  
 Duca tugenda  
 tumanitse  
 amaboko. Na  
 bo batubonye,  
 bati Ni ibiki ga  
 mwa bagoo ?  
 Ndabiganira  
 vyose,  
 ndabasaba ko  
 bodutabara.  
 Baca baduha  
 udufanta,  
 badushira mu  
 modoka yabo  
 batujana mu  
 Ruyigi. Aho  
 twari tumaze  
 imisi ine ataco dutamira.  
 Erega nti twari tukiri  
 abantu !

Aho mu Ruyigi twahamaze  
 igihe kitari gito,  
 twegeranirijwe hamwe turi  
 benshi cane. Haheze igihe  
 nsaba umuntu arampa  
 udufaranga ntangura  
 kudandaza akarwa,  
 ndaronka utwo mpereza  
 abana. Ariko naho nakora  
 ivyo, nari umusazi yeruye  
 kandi nasara neza  
 mw'ijoro. Ku murango  
 naradandaza iyo nzoga  
 ntihagire uwo ntuka  
 mugabo namana ubwoba  
 ko baza kunyica. Yaba  
 umuhutu yaba umututsi  
 nabona ko bahava baza

kunyica. Isaha cumi na  
 zibiri zishitse n'aho inzoga  
 yaba ikiriho naca mbwira  
 abaje kuyirondera ko



yaheze. Mw'ijoro  
 naheruka ndyamyeye ariko  
 ngingize ntya nasanga urume  
 rwantonzeko, ndi hanze,  
 ntunye kw'ibarabara,  
 nkayoberwa ingene  
 nahashitse. Nibajije ingene  
 vyagenze ngo mbe ndi  
 kw'ibarabara, nama  
 nsanga ari jewe  
 niyugururiye. No mu  
 kwumva ndemye buke  
 buke, hariho murumunanje  
 yari yasigaye yahora akora  
 mu Ruyigi, ni we yahora  
 amfasha twe n'utwana  
 twanje.

Amagogwa ntasiga ayandi,  
 haheze igihe, uwo  
 muvukanyi aca arapfa,  
 umubabaro wongera mu  
 wundi. Muri ayo magorwa  
 nta muntu naha ukuboko

ngo turiko turaramukanya,  
 natinya ko yohava anyica.  
 N'uwo naha inzoga,  
 nayimuha ku busunwa  
 bw'intoke kandi  
 baranywera kuko  
 sinabatuka. Icagiye  
 kwunyura ivyo gutinya  
 abantu, nagiye kugurana  
 amafaranga Patiri  
 arayampa. Nca mbwira  
 agahungu kanje ngo  
 kamperekeze kurangura  
 ibiharage hirya y'umusozi  
 wa Mpungwe. Turagenda,  
 dushitse hagati kuri uyo  
 musozi, duhura n'abagabo  
 babiri bambaye impuzu  
 z'igisoda. Sinari nzi ko ari  
 abasirikare b'igihugu canke  
 abandi bitwaje ibirwanisho.  
 Bambonye bat'Amahoro  
 wa mugoo! Ndabishura!  
 Umwe aca afata ka kana  
 kari kamperekeje. Nt' Oya  
 wa muvuyeyi pfuma wica  
 jewe. Na we aca anyishura  
 ngo Mbega ndamwica  
 ndamuhiga kw' iki ? Na-  
 gende sinsubire kumubona  
 ngaha! Aca aramwirukana.  
 Uwo mwana aca agenda  
 ararira inzira yose. Mugabo  
 ndamutuma nti Ubwire  
 abandi bana ko kabaye  
 muce mugenda kwa  
 nyokwanyu. Jewe baca  
 bantwara no mu manga  
 ngo ba! Yemwe, jewe nta  
 mabi ntabonye muri iyi  
 ntambara! Bari bafise  
 ibibugita birebire vyera.  
 Mu manga nakoma induru



## Umwana Iyo Afise Inyifato Idasanzwe Umurezi Yovyifatamwo Gute ?

Bagize Imana bugaca bakiriho, bwaca bazinduka baja kw'ishule. Muca mwumva yuko bamwe bagenda n'ikigoyi mu nda. Ibintu nk'ivyoyi ni bimwe bishobora gutuma umwana ahahamuka. Ihindukira ry'imeru rishobora kugaragara mu buryo bukurikira. Hari igihe umwana yumva amerewe nabi mu mubiri no mu vyiyumviro, bigaserurwa n'ubwoba bushobora kuva mu guhagarika umutima gushika naho ahinda umushitsi. Muri icyo gihe umwana ashobora gukoma induru, akabura uburagamo canke agatera imigere. Iyindi nyifato ishobora

kugaragaza ububabare nkomabwenge ni icyo mu vyo imico y'abantu bita ukugubwa nabi (*anxiété*). Icyo gihe, umwana yumva abuze amahoro, ivyiyumviro bikamusiga,



Aho abana bigira

akama afise ubwoba bw'ibintu bibi atazi, bishobora kumushikira hari n'igihe yumva atonekara

umubiri wose, canke ababara ariko ntakubwire aho ababara. Iyo nyifato irashobora gutuma yumva atawe yizera, na we nyene ntiyiyizigire, ndetse ntabe agishobora kugira icyo yohitamwo. Nk'igihe bamuhaye imfungurwa agatangura kwigombaga. Kenshi hari abasubira ibwana bagasubira gukora icyo bari bararenganye, nko gusubira gusoba aho baryamye canke kwumira ku bavyeyi babo mu gihe

bagira bafate urugendo. Iyindi nyifato ikomeye ikunda kuboneka ni hamwe usanga umwana yama adendebukiwe, yihebuye, yumva umengo ararushe, akaguma yisinzirirako. Umuravye ku mubiri urabona ko aguma arushye mu vyiyumviro, mw'ishule na ho ntakurikira neza, kandi ntashira umutima ku vyo bariko baramwigisha. Ku bijanye n'ivyoyi kugira ibisho-bisho, usanga umwana aguma yijirije ntagire ikimunezereza na kimwe no gukina nta kine n'abandi. Rero umwigisha abonye inyifato zimwe zimwe muri zo, ntiyosimbira ku mwana ngo amuhane. Vyiza yobanza agatohoza igituma afise icyo nyifato.

## Sincikengera, Ubu ndi Umuntu Nk'abandi.

*Mu Kinyamakuru inomeru 3, twarababwiye inkuru y'umupfasoni w'i Muramya ivyago yacye mwo. Iyo nkuru ntiwashoboye kuyirangiza. Abasomye icyo nomero mwarabonye amakuba ya cyiye mwo : ingene ababanyu bagombye kumwica , akiri mu kiriri. Icyo gihe baramuboshe, kubera yaheruka kuvyara, aravirirana . Mugabo Imana yarakinze. Munyuma yarahuye n'abitwaje ibirwanisho baca bamushuhurirako abatwaga ngo bamushurashuze ku nguvu naho nyene Imana yarakinze. Kubera cari igihe c'intambara yarongeye arahura n'abicananyi ari kumwe n'utwana twiwe tubiri, bagira bamwice aca arabasaba ngo ntibamwice abana biwe babona. Aho niho twari tugeze*

Umutwa umwe muri bo atangura gutwenga. Nca mvuga nti N'aho utwenga ibi n'ibintu bisanzwe, gupfa ni ikintu canditswe, ariko ndagusavye unkure imbere y'aba bana simpe bariko bararaba. Nya mutwa aravyemera, ndururutsa umwana yari mu mugongo ndamumuha, nya mwana aranka, umucuko na we yari amaze imyaka itatu, aca akoma induru, nca mbwira nya mutwa nti pfa kugenda ntaco. Uwo mutwa aranka, nanje nca ntangura gusengera mu mutima nti Mana urampeye ? Abana

banje simfise umuntu azobarera ! Muri nya mwanya haca haza uwundi muntu aca abwira abo batwaga ngo mbega karacye ingani ngo umuyange ntucubaha umuriro ? Ati Ni mugezaho icyo mumaze gukora biramaze ! Nca ndabonekerwa uko ! Duca turabandanya urugendo nca ngwa mu bandi bantu bitwaje ibirwanisho baca bambwira ngo uriko ujujuta uja hehe ? Umwe muri bo aca araza arambaza ati : Jewe uranzi ? Nti Oya, ariko nsanga ni umuhungu yava i wacu kuko yacye

ambarira ngo : Ntunzi kandi jewe mba ku musozi w'i wanyu ? Noneho ubwoba buca buba bwinshi. Ubwo nyene yacye amvuga mw'izina, aca arongerera avuga ati "Burya n'uworya ntiyorya uwiwe! Ati Kuko urya incuti ukinovora intuntu". Ako kanya nyene aca anyereka akayira njana, arambarira at'Usubiye kudagamba ino ntumbaze! Nca ndagenda nahura umwonga wose. Nshitse hakurya mpura n'uwundi murwi, urampagarika, baca baranyicarika, nanje ndatekereza. Hadukamwo


ikigabo kimwe kirambwira kimbaza kiti? Tugushurashuze hanyuma tukureke ugende? Urwo rugabo jewe nari ndaruzi nca ndarwishura nti "Biranditswe muri Bibiliya ngo wopfuma ugenda mw'ijuru upfuye ijisho rimwe hako ugenda mu muriro ufise amaso abiri". Nti Ari ugupfa jewe napfuye mwonduhura. Ndicara ngaho barateba barandekura bambwira bati Jujuta utaha! Nkira uko. Kubera icyo bintu vyose , nari narahahamutse, narikengera, sinabona ko ndi umuntu, ariko mmaze kuronka inyishu za THARS ndi umuntu nk'abandi.

## Narabonye Abagowe Kunsumvya.

ngo ntabarwe na nde ?  
Barakora ivyo bagomba bitonze, bankuranwako. Baraheza banta yo ! Bantwaye yo nk'igihe c'isaha munani, maze nk'igihe c'isaha cumi na zibiri ni ho bavayo. Aho rero nta bwenge nari ngifise, umutima wari wagiye. Igihe bamfata ku nguvu hari mu mwaka w' 2000, ntibari bwatore ubuhinga bwo kutwumviriza mu kudutabara, twebwe abahahamutse. Muri iyo manga navuye yo isaha imwe y'ijoro ngenza amavi. Nashitse imuhira isaha zitatu z'ijoro! Nsanga bwa bwana butunnye imbere y'umuryango. Bambonye bagwa igihumura. Nanje nari naviriranye! Ni ko gutumako murumunanje ndabimubwira vyose aca ashusha amazi aranyoza, arankanda, aransiga amavuta. Ni ho bukeye banjana kwa muganga bantera urushinge, amaraso abona kugabanuka.

Haheze imisi nsanga nasamyeye inda. Erega nta kundi, iyo nda ndemera ndayitwara. Hageze kwibaruka ndibaruka, umwana avuka akomeye! Haheze imisi ibiri ni ho uyo mwana yapfa. Uwo mwana amaze guhwera narababaye cane kuko naho yari umwana nari nakuye ku bikoko

sinagomba ko apfa. Ico gihe rero ni ko gusara nya gusara; nta muntu nagomba kubona. Mu gutwara iyo nda abantu bambwira ngo «Ni urwo wikwegeye » ! Ivyo vyose vyari vyarambabaje! Abantu mu kumenya ko nasaze, ndi



Bamwe mubahuye n'amagume bari kumwe n'umukozi wa THARS

mw'isengero mu misa, nareraguza mu bantu amosozi agaca akoroka, ngaca ntangura kwidoga, nkivugana, ngaca inanzwa. Baciye bambuza gusubira mw'isengero.

Mu nyuma ni ho haboneka amanama yahuza abantu bahuye n'intambara bakantumira, akenge kaje nkumva hari n'abandi bahuye n'ivyago, nkumva umutima uratanguye kuja hamwe. Hanyuma bambwira kwegera uyu nyakubahwa (yavuga umukozi wa THARS mu Ruyigi), ntangura kubona

nomubwira ivyanje vyose. Yaranyigishije vyanshi cane, arandemesha rwose, aranyemerera ko igihe cose bazogira inama ko azohora antumako. Nuko, yaguma antumira mu manama mbere tukamara imisi itari mike turi kumwe n'abandi

bahuye n'ingorane nk'izo badasangiyeye ubwoko, umuhutu n'umututsi bakicarana, bagasangira ibifungurwa.

Muri ayo manama narumva kandi nkabona abagowe kusumvya. Ico ni co candyoheye ubwa mbere.

Ukumva ko utari wenyene wagize ivyago. Ubu uyu mukozi w'ico kigo kivura ihahamuka yaramvuye. Ubu ndabona ko umuntu ari umuntu atari igikoko. Kare naca kure mbonye umuntu, ariko ubu ndaramukanya n'abandi.

Yaranjanye i Gitega, mpuriraye n'abandi: ndabona abacitse amaboko, ndabona abanyunyutse amaso, abatakimenyekana mu maso kubera uguturirwa, hari n'abo amenyo yavuyeyo. Mbonye ayo abandi babonye, nkibwira nt'Erega jeha ni mitende! Abo nabonye ni ibimuga karuhariwe! Naciye nigira inama nti Yemwe jewe ngiye gushimira Imana! Ubu n'aho hakiri vyanshi bingoye ndabona ko hari icahindutse.

Mu kurangiza ndashimiye ikigo THARS, nkagisaba ko cobandanya kitugirisha amanama kuko turi muri izo nama mu mutwe hararemuruka.

Uwo mukenyezi yaraturwiyeye avyeruye ko abo bantu bamugiriye nabi bamusavye ikigongwe yokibagirira, ati Kuko mw'idini Katolika hariho igisabisho ca Data wa twese, kivuga ngo Murekurire ababagiriye nabi namwe ni ho Imana izobarekurira ibicumuro vyanyu.

### Shigikira uwafashwe ku nguvu

Umukobwa wo mu gihugu kimwe, abansi bamufashe ku nguvu, mu kumuremesha, nyina yaramwojeje, amazi amwogeshye aca aranyanywa. Ati: "Wewe mwana wanje warahumanuwe, uri uw'igiciro". Uyo mukobwa vyaramuremesheje! Umenye ko hari ababona uwufashwe ku nguvu ngo Awa niwewe wavyikwegeye! Ivyo birongera uburemerezi uwari asanzwe yarahamutse.